**दिन–रविवार** **दिनांक–25.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी देशवासी लोकनि सँ विशेष कऽ उद्योग आ स्टार्टअप उद्यम मे लागल युवा लोकनि सँ गुणवत्ता पर जोर देबाक अपील कयलनि अछि। आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रम मे अपन विचार साझा करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे भारतक अर्थव्यवस्था तेजी सँ विकसित भऽ रहल अछि आ पूरा विश्व के ध्यान भारत पर अछि। ओ लोक सभ सँ देश मे निर्मित हरेक वस्तु के गुणवत्ता सुधार के संकल्प लेबाक आग्रह कयलनि। प्रधानमंत्री कहलनि जे उत्कृष्टता हमरा लोकनिक मानक आ लक्ष्य हेबाक चाही। प्रधानमंत्री कहलनि जे दस वर्ष पहिने जनवरी दू हजार सोलह मे भारत स्टार्टअप इंडिया के शुभारंभ करबाक संगहि, एहि महत्वाकाक्षी यात्रा के शुरू कयने छल। ओ कहलनि जे भारत आइ विश्व मे तेसर सभ सँ पैघ स्टार्टअप व्यवस्थावला देश बनि गेल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे ई लोकनि स्टार्टअप उद्यम अभिनव छथि आ ओहि सेक्टर मे काज कऽ रहल छथि जकर मात्र दस वर्ष पहिने कल्पना धरि नहि कयल गेल छल। ओ कहलनि जे भारत मे एआई इंपैक्ट सम्मेलन अगिला मास आयोजित कयल जा रहल अछि। जाहि मे संपूर्ण विश्वक प्रौद्योगिकी विशेषज्ञ भारत अओताह। मान की बात मे प्रधानमंत्री राष्ट्रीय मतदाता दिवसक सेहो चर्चा कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे मतदाता लोकतंत्र के आत्मा छथि। जखन कखनहुं कोनो युवा पहिल बेर देश के मतदाता बनैत छथि तऽ पूरा पास–पड़ोस, गाम आ शहर के एकजुट भऽकऽ एहि क्षण के उत्सव मनेबाक चाही। श्री मोदी कहलनि जे एहि सँ मतदानक विषय मे जगरूकता बढ़त आ ई भावना मजगूत होयत जे मतदाता बनबा कतेक महत्वपूर्ण अछि।

---

आइ राष्ट्रीय मतदाता दिवस अछि। एहि वर्ष मतदाता दिवसक विषय अछि– मेरा भारत मेरा वोट। एहि अवसर पर नव दिल्ली मे आयोजित कार्यक्रम मे राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहलनि जे मतदान मात्र राजनीतिक अभिव्यक्ति नहि अछि, अपितु देशक लोकतांत्रिक चुनावी प्रक्रिया मे नागरिक लोकनिक विश्वासक प्रतीक अछि। राष्ट्रपति विभिन्न श्रेणी मे सर्वश्रेष्ठ चुनावी पद्धती पुरस्कार प्रदान कयलनि। आकाशवाणीक समाचार सेवा प्रभाग के वर्ष दू हजार पचीसक मतदाता जगरूकताक सर्वश्रेष्ठ अभियानक लेल इलेक्ट्रॉनिक रेडियो श्रेणी मे वर्ष दू हजार पचीसक मीडिया पुरस्कार प्रदान कयल गेल अछि। आकाशवाणी के महानिदेशक राजीव कुमार जैन राष्ट्रपति सँ ई पुरस्कार ग्रहण कयलनि। ई पुरस्कार चुनावी भागीदारी के प्रोत्साहित करब आ सुलभ चुनावक विषय मे जागरूकता आनबा मे आकाशवाणीक योगदान के मान्यता दैत अछि।

————————————————————————

राष्ट्रीय मतदाता दिवसक अवसर पर नव दिल्ली मे आयोजित समारोह मे सर्वोत्तम चुनाव काज के लेल राज्यक कतेको जिला के पुरस्कृत कयल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू चुनावक दरमियान सर्वोत्तम आ प्रशंसनीय काजक लेल चुनाव आयोग द्वारा घोषित विभिन्न श्रेणी के पुरस्कार प्रदान कयलनि। राज्यक कतेको जिला के ई पुरस्कार भेटल अछि। चुनाव मे तकनीकक नीक उपयोग करबाक लेल पूर्वी चंपारण, मतदाता जागरूकता के लेल पटना आ प्रशिक्षण तथा क्षमता निर्माणक लेल मधुबनी जिलाक प्रथम पुरस्कार देल गेल। उत्कृष्ठ चुनाव प्रबंधन आ आवाजाही के लेल पूर्णियां के तेसर तथा आचार सहिंता के प्रभावी कार्यान्वयन के लेल समस्तीपुर के दोसर पुरस्कार देल गेल अछि। एम्हर राज्यक मुख्य चुनाव अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल, एडीजी कुंदन कृष्णन आ ईओयू के डीआईजी मानवजीत सिंह ढिल्लो के विशेष पुरस्कार प्रदान कयल गेल। एकर संगहि, सीईओ ऑफिस बिहारक टीम के बेस्ट चीफ इलेक्ट्रॉल ऑफिस, सोशल मीडिया टीम के श्रेणी सँ सम्मानित कयल गेल।

————————————————————————

एम्हर, राज्यक विभिन्न स्थान सभ पर सेहो मतदाता दिवसक अवसरि पर जागरूकता कार्यक्रमक आयोजन कयल जा रहल अछि। दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर, सुपौल, पूर्णियां आ अररिया सहित विभिन्न जिला सभ मे प्रभातफेरी, मतदाता जागरूकता शपथ आ सम्मान समारोहक आयोजन कयल गेल।

————————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू गणतंत्र दिवसक पूर्व संध्या पर आइ राष्ट्र के संबोधित करतीह। ई संबोधन सांझ सात बजे सँ आकाशवाणी के सभ राष्ट्रीय चैनल पर प्रसारित होयत। आ दूरदर्शनक सभ चैनल पर हिन्दी मे प्रसारित कयल जायत। एकर बाद एकर अंग्रेजी मे सेहो प्रसारण होयत। दूरदर्शन पर हिन्दी आ अंग्रेजी मे प्रसारण के बाद दूरदर्शन के क्षेत्रीय चैनल सभ पर क्षेत्रीय भाषा मे सेहो एकर प्रसारण कयल जायत। आकाशवाणी अपन क्षेत्रीय चैनल सभ पर राति साढे नओ बजे सँ क्षेत्रीय भाषा सभ मे राष्ट्रपति के संबोधन प्रसारित करत।

————————————————————

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव के पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। पटना मे पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारिणी के बैसक मे ई निर्णय लेल गेल। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष लालू प्रसादक उपस्थिति मे एकर औपचारिक घोषणा कयल गेल। बैसक मे विधानसभा चुनाव मे पार्टी के प्रदर्शन आ आगां के रणनीति के लऽकऽ सेहो विचार–विमर्श कयल गेल। कार्यकारिणी के बैसक मे पूर्व मुख्यमंत्री राबड़ी देवी, सांसद मीसा भारती आ पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि सहित कतेको पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

————————————————————

समाप्त